

Fon Asistans Lwaye Vil Boston
Lèt Akseptasyon Finansman

Biwo Estabilite Lojman
43 Hawkins St. Boston, MA 02114

Dat ekspirasyon: _____

Kantite mwa sibvansyon RRF ki garanti: _____

Non pwopriyetè a: _____

Non lokatè (yo): _____

Adrès lokasyon: _____

Ajans k ap administre Fon Asistans pou Lwaye a (RRF) gen entansyon bay asistans finansyè sa a nan non Patisipan yo ki site anwo a (dwe mete "N/A" si sa pa Aplikab):

Kantite lwaye chak mwa \$ _____

Dèt Anreta \$ _____ **Pou Konbyen Mwa :** _____

Pòsyon Vil la nan pwochen Alokasyon yo \$ _____ **Pou Konbyen Mwa:** _____

Depans Demenajman \$ _____ **Premye mwa, dènye mwa ak/oswa depo sekirite otorize**

Total asistans RRF \$ _____ (jiska 18 mwa - aryere, alokasyon ak/oswa depans pou demenajman pa depase \$10,000)

Fon Sekou Lwaye (RRF) mande pou patisipan yo peye 30% revni kay yo pou nenpòt asistans pou lokasyon pi devan.

Montan lokatè a dwe peye \$ _____ **Pou Konbyen Mwa:** _____

Konfimasyon Pwopriyetè a

- Mwen sètifye ke mwen se pwopriyetè (oswa ajan otorize pwopriyetè a) pwopriyete ki endike anwo a (adrès patisipan an).
- Mwen sètifye ke lè mwen aksepte peman lwaye annakò avèk lèt sila a,
 - Mwen dakò pou retabli lokasyon Patisipan an (si yo potko depoze yon dosye degèpisman).
 - Mwen dakò pou m pa pouswiv degèpisman ki baze sou kantite lajan lwaye sa yo ranbouse pa fon sa yo epi dakò pou ranvwaye nenpòt ka degèpisman annatant ki baze sou oswa kap chèche pou rekouvri aryere ranbouse yo. Mwen gendwa pote yon ka degèpisman nan lavni si Patisipan an neglije pou peye pwochen lwaye yo dwe apre dat prim sa a.
- Si Ajans Administratè RRF a fè yon peman asistans pou lokasyon nan non Patisipan an, mwen dakò pou m respekte tout obligasyon Pwopriyetè a dapre [M.G.L., c.186 s. 15B](#).
- Si lwaye Patisipan an sispann anvan peryòd peman asistans pou lokasyon yo te fè chak mwa a, mwen dakò pou m remèt Ajans RRF a balans lajan sa ki pa itilize a.
- Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 151B entèdi diskriminasyon yon pwopriyetè kont nenpòt lokatè k ap resevwa sibvansyon federal, leta oswa lokal pou lojman, tankou asistans lojman oswa siplèman lwaye, paske moun nan ranpli kondisyon pou benefisyè asistans sila yo. Refi yon pwopriyetè pou aksepte èd pou lokasyon ijans, ki garanti tout montan lwaye kay la, kapab, nan sèten sikonstans, yon vyolasyon Seksyon 151B. Pwopriyetè yo ta dwe konsilte pwòp konseye jiridik yo pou jwenn konsèy anvan yo refize asistans pou lokasyon ki kouvri tout aryere lwaye ki poko peye.
- Pa gen anyen nan lèt sa a ki anpeche Pwopriyetè a/Ajan pou chèche tout rekou ki disponib dapre lalwa, tankou kòmanse pwosedi degèpisman kont Patisipan an, si Patisipan an pa peye nenpòt lwaye ki dwe apre dat lèt sa a.
- Mwen konprann ke bay fo enfòmasyon oswa fè fo deklarasyon ka reprezante rezon pou refize aplikasyon mwen an. Mwen konprann tou aksyon sa yo ka lakòz sanksyon penal.

Siyati Pwopriyetè a

Siyati Anplwaye Ajans Administratè RRF

Non Pwopriyetè a/Non Ajan Pwopriyetè a

Non ak Tit Anplwaye Ajans Administratè RRF

Telefòn Pwopriyetè/Ajan li

Dat Lèt la Siyen : _____

Enfòmasyon pou kontakte Biwo Estabilite Lojman an: (Imèl) rrf@boston.gov || (Telefòn) 617-635-4200